

**[Ekri non konpayi lojman ki kouvri a]**

**Modèl Plan Transfè an Ijans Pou Viktim Vyolans Domestik, Vyolans ant Moun ki  
Renmen, Vyòl, oswa Asèlman**

**Transfè an Ijans**

**[Ekri non konpayi lojman ki kouvri a (nou mete akwonim HP pou itilize nan modèl plan sa a)] konsène pou sekirite lokatè li yo, epi lokatè yo ki viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman yo ladan tou. Konfòmman ak Lwa Vyolans Kont Fanm nan (Violence Against Women Act, VAWA),<sup>1</sup> HP bay lokatè ki se viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman yo opòtinite pou mande yon transfè an ijans pou kite kote yo abite a pou al abite nan yon lòt apatman. Tout moun kapab mande yon transfè kèlkeswa sèks li, ak ki sèks li idantifye tèt li, oswa oryantasyon seksyèl li.<sup>2</sup> Men, HP ap kapab aksepte demann pou lokatè k ap resevwa asistans ak kondisyon lokatè sa a se yon viktim, oswa te yon viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, epi si HP gen yon lòt apatman ki disponib epi ki san danje pou ofri lokatè a yon kote tanporè oswa pèmanan pou li rete.**

Plan sa a idantifye lokatè ki kalifye pou yon transfè an ijans, dokimantasyon ki nesèsè pou mande yon transfè an ijans, pwoteksyon konfidansyalite, kijan yon transfè an ijans kapab fèt, ak

---

<sup>1</sup>Malgre non lwa sa a, pwoteksyon VAWA disponib pou tou viktim vyolans domestik, viktim vyolans ant moun ki renmen, viktim vyòl, ak viktim moun k ap asèlman yo, kit yo se fanm oswa gason, kit yo idantifye tèt yo kòm fanm oswa gason, oswa kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo.

<sup>2</sup> Konpayi ki bay lojman yo pa kapab fè diskriminasyon ki baze sou okenn nan gwoup pwoteje yo, ki gen ladan ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, sitiyasyon famiyal, andikap, oswa laj. Lojman ki resevwa asistans oswa asirans HUD ki sipoze disponib pou tout moun ki kalifye kèlkeswa oryantasyon seksyèl moun, si yo idantifye yo kòm fanm oswa gason, oswa si yo marye ou pa.

rekòmmandasyon pou pwoteksyon ak sekirite lokatè yo. Plan an baze sou yon modèl plan transfè an ijans Depatman Lojman ak Devlopman Iben (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD), ajans federal ki siveye pou wè si **[mete non pwogram oswa asistans ak lokasyon an la a]** konfòm ak VAWA.

### **Kalifikasyon Pou Transfè an Ijans**

Yon lokatè ki se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, atak seksyèl, oswa asèlman, jan nou defini li nan regleman 24 CFR pati 5, dezyèm pati L, kalifye pou yon transfè an ijans, si: bon rezon pou kwè gen menas pou li viktim plis vyolans si li rete nan menm apatman li abite a. Si lokatè a se yon viktim vyòl, lokatè a kapab kalifye pou yon transfè tou si vyòl la te fèt sou pwopriyete a nan pi piti pase 90 jou avan li te mande transfè an ijans la.

Yon lokatè ki mande yon transfè an ijans dwe presize li vle yon transfè selon pwosedi yo ki dekri nan plan sa a.

Lokatè ki pa nan bon pozisyon ka toujou mande yon transfè an ijans si yo satisfè kondisyon kalifikasyon ki nan seksyon sa a.

### **Dokimantasyon Pou Demann Transfè an Ijans**

Pou mande yon transfè an ijans, lokatè a dwe notifie biwo manajman HP epi soumèt yon demann alekri pou yon transfè bay **[HP gen pou mete adrès la la a]**. HP ap bay akomodasyon rezonab nan règleman sa a pou moun ki gen andikap. Lokatè k ap mande pou yon transfè an ijans la dwe mete swa:

1. Yon deklarasyon ki ekspri lokatè a gen yon bon rezon pou kwè gen menas pou ou viktim plis vyolans si li rete nan menm apatman li jwenn asistans sou pwogram HP a, OSWA

2. Yon deklarasyon ki di lokatè a se yon viktim vyòl epi vyòl la te fèt sou pwopriyete a nan pi piti pase 90 jou avan li te mande transfè an ijans la.

### **Konfidansyalite**

HP ap kenbe konfidansyèl nenpòt enfòmasyon lokatè an soumèt pou mande yon transfè an ijans, ak enfòmasyon sou transfè an ijans la, sof si lokatè a bay HP pèmisyon alekri pou pataje enfòmasyon yo pandan yon tan limite, oswa pou pataje enfòmasyon lalwa egzijje pou itilize nan demach pou mete yon moun deyò oswa odyans pou konnen si pou yo koupe asistans nan pwogram ki kouvri a. Sa vle di tou pa pataje nouvo apatman moun nan rete a, si yo genyen li, ak moun ki te komèt zak vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman kont lokatè a. Gade nan Avi Konsènan Dwa Pou Rete Nan Yon Kay sou Lwa Konsènan Vyolans Kont Fanm Pou Tout Lokatè a pou plis enfòmasyon konsènan responsablite HP pou kenbe enfòmasyon konsènan ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman konfidansyèl.

### **Tan ak Disponibilite Transfè an Ijans**

HP pa ka garanti yo pral apwouve yon demann pou transfè ak kantite tan li pral pran pou trete yon demann pou transfè. Men, HP pral aji vit nan mezi li posib pou deplase yon lokatè ki se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman nan yon lòt apatman, depi genyen ki disponib epi ki san danje. Si yon lokatè gen yon bon rezon pou kwè li t ap danjere pou yon transfè yo pwopoze, lokatè a kapab mande pou transfere li nan yon lòt apatman. Si gen yon apatman ki disponib, lokatè yo transfere a dwe dakò pou respekte kondisyon ki genyen pou rete nan apatman yo te transfere li a. HP gendwa pa kapab transfere yon lokatè nan yon apatman an patikilye si lokatè a pa kalifye, oswa pa ka etabli li kalifye, pou abite nan apatman sa a.

Si HP pa gen okenn apatman ki disponib epi ki san danje pou yon lokatè ki kalifye pou yon transfè an ijans, HP pral ede lokatè a jwenn lòt konpayi ki ofri lojman ki kapab genyen yon apatman ki disponib ak san danje pou lokatè a. Si lokatè a mande, HP pral ede lokatè a kontakte òganizasyon lokal ki ofri asistans pou viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman ki kole ak plan sa a.

### **Pwoteksyon ak Sekirite Lokatè yo**

Pandan y ap tann pou trete transfè a epi fè transfè a menm, si yo apwouve li epi li fè, nou mande lokatè a pou li pran tout prekosyon rezonab pou li rete an sekirite.

Nou ankouraje tout lokatè ki se viktim, oswa ki te viktim, vyolans domestik pou kontakte Liy Dirèk Nasyonal Pou Vyolans Domestik la (National Domestic Violence Hotline) nan 1-800-799-7233, oswa kontakte yon abri vyolans domestik, pou ede ou kreye yon plan sekirite. Pou moun ki gen pwoblèm pou tandè, yo kapab jwenn aksè nan liy dirèk sa a nan nimewo 1-800-787-3224 (TTY).

Lokatè ki te viktim vyòl yo kapab rele Liy Dirèk Nasyonal Pou Vyòl Rezo Nasyonal Vyòl, Abi, ak Ensès la (Rape, Abuse & Incest National Network's National Sexual Assault Hotline) nan 800-656-HOPE, oswa ale sou sitwèb yo nan adrès <https://ohl.rainn.org/online/>.

Lokatè ki se viktim, oswa ki te viktim, asèlman k ap chèche èd yo kapab ale sou Sant Resous Nasyonal Pou Viktim Asèlman an (National Center for Victims of Crime's Stalking Resource Center) nan <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.

**Sa ki kole ak dokiman sa a:** Òganizasyon lokal ki ofri asistans pou viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman.